



Chè fanmi,

Jodia, 13 mas se dènye jou pou aplike pou 3-K. Si w gen yon timoun ki fèt an 2020, aplike kounye a.

Ou deja aplike? Si se sa, ou pa gen anyen pou fè ankò.

Ou poko aplike? Aplike jodia nan youn nan twa fason sa yo:

1. **Sou entènèt atravè [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) jiska 11:59 pm** . Gen sipò disponib nan dis lang. Pa bliye klike sou bouton “Submit Application” an — lè w wè konfeti yo, w ap konnen nou resevwa aplikasyon w lan. [Videyo eksplikasyon sa a](#) ap gide w atravè pwosesis la.
2. **Pa telefòn nan 718-935-2009 jiska 6pm**. Gen sipò nan lang ki disponib nan plis pase 200 lang atravè telefòn.
3. **Atravè yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center) jiska 3pm**. Ou ka jwenn adrès yo ak lè yo fonksyone sou [sitwèb nou an](#).

Ou ka mete jiska douz chwa pwogram 3-K nan vrè lòd ou pi pito yo a, avèk premye chwa w la anlè kòm #

1. Akoz plas yo ki limite, se pa tout timoun ki aplike nan delè a k ap jwenn yon òf. Jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan 3-K [la a](#).

Si w gen kesyon, nou la pou nou ede. Rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w pou [mete non w \(sign up\)](#) sou lis imèl admisyon 3-K nou yo.

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou yo retire non w.